

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun ku panalungtik.

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar kana hasil jeung pedaran dina bab IV, ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- a. Kamampuh nulis laporan peristiwa siswa kelas VIII-A di SMP Negeri 2 Bandung taun ajaran 2019/2020 saméméh dilarapkeunana modél pangajaran *Problem Based Learning* kaasup can mampuh lantaran peunteun rata-ratana nyaéta 54,50 di handapeun KKM 80. Katitén yén tina jumlah 30 siswa atawa 100% siswa anu geus dianggap mampuh nulis laporan peristiwa sarta meunangkeun peunteun  $\geq 80$  nyaéta 2 siswa atawa 6,7%, sedengkeun sésana 28 siswa atawa 93,3% dianggap can mampuh nulis laporan peristiwa lantaran skorna kurang ti KKM. Dumasar kana kaopat aspék anu dipeunteun, hasil kamampuh nulis laporan peristiwa siswa nyaéta; 1) aspék éjahan 2,77; 2) aspék adegan basa 2,53; 3) aspék eusi 2,93 ;jeung 4) aspék struktur eusi 2,70.
- b. Kamampuh nulis laporan peristiwa siswa kelas VIII-A di SMP Negeri 2 Bandung taun ajaran 2019/2020 sanggeus dilarapkeunana modél pangajaran *Problem Based Learning* geus mampuh nulis laporan lantaran peunteun rata-ratana geus ngahontal KKM 80 anu geus ditangtukeun, nyaéta 83,20. Katitén yén tina jumlah 30 siswa atawa 100%, siswa anu geus dianggap mampuh nulis laporan sarta meunangkeun peunteun  $\geq 80$  nyaéta 28 siswa atawa 93,3%, sedengkeun sésana 2 siswa atawa 6,7% dianggap can mampuh nulis laporan peristiwa lantaran skorna kurang ti KKM 80. Dumasar kana kaopat aspék anu dipeunteun, hasil kamampuh nulis laporan peristiwa siswa nyaéta; 1) aspék éjahan 4,70; 2) aspék adegan basa 3,97; 3) aspék eusi 4,10 ;jeung 4) aspék struktur eusi 3,93.
- c. Tingkat kamampuh nulis laporan peristiwa siswa kelas VIII-A SMP Negeri 2 Bandung némbongkeun hasil anu hadé. Ieu hal bisa katitén tina rata-rata

kamampuh nulis laporan peristiwa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Problem Based Learning* nyaéta ti katégori kurang jadi hadé, kalawan rata-rata ti 54,50 jadi 83,20. Aspék anu pangngaronjatna nyaéta aspék éjahan rata-rata skorna tina 2,77 jadi 4,70. Dumasar hasil *pretest* jeung *posttest* skor anu dihontal ku siswa mangrupa akumulasi tina opat aspék anu dipeunteun pikeun ngukur kamampuh nulis laporan peristiwa siswa kalawan merhatikeun kana aspék éjahan, adegan basa, eusi jeung struktur eusi. Aspék éjahan dina *pretest* kagolong kurang, kalawan rata-rata peunteun (2,77), sedengkeun *posttest* kagolong hadé, kalawan rata-rata peunteun (4,70). Aspék adegan basa dina *pretest* kagolong kurang, kalawan rata-rata peunteun (2,53), sedengkeun *posttest* kagolong hadé, kalawan rata-rata peunteunna (3,97). Aspék eusi dina *pretest* kagolong kurang, kalawan rata-rata peunteunna (2,93), sedengkeun dina *posttest* kagolong hadé, kalawan rata-rata peunteunna (4,10). Aspék nu pamungkas nyaéta aspék struktur eusi dina *pretest* kagolong kurang, kalawan rata-rata peunteunna (2,70), sedengkeun dina *posttest* kagolong hadé, kalawan rata-rata peunteunna (3,93). Dumasar kana hasil koméntar di luhur kabukti yén aya hasil anu ngaronjat nalika nulis laporan peristiwa siswa kelas VIII-A SMP Negeri 2 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Problem Based Learning*. Cindekna, siswa jadi nyaho mana éjahan, adegan basa, eusi jeung struktur eusi nu merenah nalika nulis laporan peristiwa.

- d. Aya béda anu signifikan tina hasil kamampuh nulis laporan saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Problem Based Learning*. Katitén tina hasil uji statistik, uji normalitas data, uji homogétas, jeung uji hipotésis bisa katitén yén distribusi skor saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Problem Based Learning* kalawan ngagunakeun *Kolgomorov-Smirnov* nyaéta 0,281 atawa leuwih ti 0,05 (normal). Hasil tina uji homogénitas ngagunakeun *Kolgomorov-Smirnov* nyaéta 0,852 atawa  $\geq$  ti 0,05. Hartina,  $H_1$  ditarima jeung  $H_0$  ditolak. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén conto populasi distribusina homogén. Sanggeus aya hasil populasi distribusi anu normal, ahirna ngagunakeun uji *parametric* kalawan ngagunakeun *t-test* pikeun

mikanyaho kumaha bédana. Hasil tina uji *paired sample statistics* katitén yén rata-rata peunteun *pretest* nyaéta 54,50 ku standar déviiasi 12,481 jeung rata-rata peunteun *posttest* leuwih gedé nyaéta 83,20 ku standar déviiasi 7,008. Hartina, rata-rata peunteun *posttest* leuwih gedé tibatan rata-rata peunteun *pretest*. Anu pamungkas nyaéta uji hipotésis. Hasil tina uji hipotésis (*Paired Samples Test*) yén hasil ngitung *t-statistic* ngahasilkeun peunteun -15,577 jeung signifikansi (Sig. 2 tailed) 0,000. Ku sabab peunteun signifikansi (Sig. 2 tailed) nyaéta ( $0,000 \leq 0,05$ ) atawa  $\leq$  ti 0,05. Ku kituna,  $H_1$  ditarima atawa  $H_0$  ditolak. Hartina aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis laporan peristiwa siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Problem Based Learning*.

## 5.2 Implikasi

Dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun, implikasi larapna ieu modél *Problem Based Learning* dina pangajaran nulis laporan peristiwa nyaéta:

- a. Bisa ngangkat motivasi siswa sumanget diajar;
- b. Ngarojong kamampuh mikir kritis siswa dina prosés pangajaran; jeung
- c. Ngaronjatkeun hasil diajar siswa hususna dina pangajaran nulis laporan peristiwa.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sababaraha rékoméndasi anu baris ditepikeun saperti ieu di handap.

- a. Pikeun Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda

Modél pangajaran *Problem Based Learning* téh bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan peristiwa. Jadi, dipiharep modél pangajaran *Problem Based Learning* bisa dijadikeun métode alternatif dina prosés pangajaran Basa Sunda di sakola utamana dina matéri pangajaran nulis laporan peristiwa kelas VIII di SMP. Ku sabab, dumasar kana hasil ieu panalungtikan katitén yén hasil modél pangajaran *Problem Based Learning* téh bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan peristiwa.

b. Pikeun Guru

Upamana guru rék maké modél pangajaran *Problem Based Learning* dina pangajaran nulis laporan peristiwa, aya sababaraha hal nu kudu diperhatikeun nalika ngagunakeun modél *Problem Based Learning* nyaéta waktu, tempat, kasiapan siswa nalika rék diajar, kasiapan matéri pangajaran, jeung sing bisa ngondisikeun kaayaan kelas jadi tertib.